

RINGKESAN

Daarina Noor El Nadhrati (2022). “Ngaronjatkeun Kamampuh dina Ngungkula Masalah Matematis jeung Kamampuh Diri Siswa SMP ngaliwatan Model *Learning Cycle 7E*”

Kamampuh dina ngungkula masalah matematis diperlukeun pisan ku siswa sabab tiasa ngabantu siswa dina nyelsaikeun masalah matematika. Sanajan kitu, kamampuh dina ngungkula masalah matematis siswa masih keneh kurang. Kamampuh dina ngungkula masalah matematis bisa dipangaruhan ku sikep kamampuh diri. Salah sahiji alternatif pangajaran anu bisa diterapkeun dina ngalatih kaparigelan ngukula masalah matematika nyaeta model *Learning Cycle 7E*. Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina ngungkula masalah matematis jeung kamampuh diri (*Self-efficacy*) siswa nganggo model *Learning Cycle 7E*. Pamarkan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaeta pamarkan kuantitatif kalawan warna panalungtikan *quasi eksperiment*. Anapon desain panalungtikannana ngagunaken *nonequivalent control group design*. Populasi dina ieu panalungtikan nganggo siswa SMP N 4 Cianjur kelas VIII Tahun Ajaran 2021/2022. Sampel anu di anggo nyaeta kelas VIII G sareng VIII H, anu jumlah siswa masing-masing kelasna nyaeta 30 urang. Alat dina ieu panalungtikan ngagunakeun tes uraian jeung *nontest* mangrupa angket skala sikap anu ngagunakeun model *Skala Likert*. Pikeun nganalisis data ngagunakeun uji *statistic parametris* tur dibantu nganggo aplikasi *IBM Statistic 23*. Anapon kacindekan anu kacangking nyaeta 1) Ngaronjatkeun kamampuh ngungkulan masalah matematis siswa anu narima pangajaran ngaliwatan Model *Learning Cycle 7E* langkung ageung tibatan siswa anu narima pangajaran ngaliwatan model pangajaran konvensional; 2) Kamampuh diri siswa anu narima pangajaran ngaliwatan Model *Learning Cycle 7E* langkung sae tibatan siswa anu narima pangajaran ngaliwatan model pangajaran konvensional; 3) Aya hubungan positif antara kamampuh ngungkula masalah matematis jeung kamampuh diri siswa anu narima pangajaran ngaliwatan Model *Learning Cycle 7E*. Kumargi kitu model *Learning Cycle 7E* tiasa dijadikeun salah sahiji pilihan (alternatif) guru dina ngalaksanakeun pembelajaran pikeun nyiptakeun suasana diajar anu aktif, efektif, tur dipikaresep.

Kecap Konci: Kamampuh Diri, Model *Learning Cycle 7E*, Ngungkula Masalah Matematis